दिन—सोमवार दिनांक—09.02.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी लोकप्रिय संवाद कार्यक्रम परीक्षा पे चर्चाक नवम् संस्करण बीच विद्यार्थी सभ सँ गपशप कयलनि। आइ जारी कयल गेल दोसर वीडियो मे प्रधानमंत्री परीक्षाक बीच तनाव आओर चिंता सँ निपटबाक तरीका पर गपशप कयलनि। श्री मोदी विद्यार्थी सभ सँ छोट—छोट स्टार्टअप सँ अपन उद्यमशीलताक यात्रा शुरू करबाक लेल प्रोत्साहित कयलनि आओर जनौलनि जे पैघ विचार छोट—छोट काज शुरू करबा सँ अबैत अछि। ओ विद्यार्थी सभ के जनौलनि जे ओ उद्योग जगतक पेशेवर सभ सँ संपर्क बनाबैत आओर पाठ्य—पुस्तक सँ फराक व्यवहारिक अनुभव लैथ। प्रधानमंत्री जनौलनि जे विद्यार्थी सभ के आकादमिक आओर रचनात्मक गतिविधिक फराक या विरोधी रास्ता नहि बुझबाक चाहि। ओ जनौलनि जे दुनू जरूरी अछि आओर प्रभावी ढंग सँ संतुलित कयल जा सकैत अछि। प्रधानमंत्री जनौलनि जे अनुशासित दैनिक व्यवहार राष्ट्र निर्माण मे पैघ भूमिका निभाबैत अछि। भोकल फॉर लोकलक चर्चा करैत प्रधानमंत्री जनौलनि जे भारतीय उत्पादकक चयन घरेलू अर्थव्यवस्था के मजगूत करैत अछि।

---

वित्त मंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव जनौलनि अछि जे वित्तीय बर्ष दू हजार छब्बीस—सत्ताईसक बजट समावेशी आओर विकसित बिहार बनेबाक दिशा मे निर्णयाक साबित होयत। आइ विधानसभा मे बजट पर भेल चर्चाक उत्तर दैत वित्त मंत्री जनौलनि जे बिहार देशक सभ सँ तेज गति सँ बढ़ैत अर्थव्यवस्था मे सँ एक अछि। ओ जनौलनि जे वित्तीय वर्ष दू हजार पचीस— छब्बीस मे राज्यक विकास दर चौदह दशमलव नओ प्रतिशत रहि सकैत अछि। वित्त मंत्री श्री यादव जनौलनि जे सात निश्चय—तीन मे सरकार समाजक सभ वर्गक लेल काज करबाक लक्ष्य राखलक अछि। एम्हर सरकारक उत्तरक बीच राजद आ कांग्रेस सहित सभ विपक्षी दल बजट मे झुठ आंकड़ा पेश करबाक आरोप लगबैत सदनक कार्यवाहीक बहिष्कार कयलक। बजट पर चर्चा सँ पहिने सदन मे वित्तीय बरख दू हजार पचीस—छब्बीसक तृतीय अनुपूरक बजट पेश कयल गेल। एहि मे बारह हजार एक सय पैसठि करोड़ टाका सँ बेसी अछि।

---

एम्हर, विधान परिषद मे राज्य मे कानून–व्यवस्थाक स्थिति के लऽकऽ आइ खुब हल्ला–गुल्ला भेल। पहिल पारी मे कार्यवाही मात्र पंद्रह मिनट जखनकि दूसर पारी मे बीस मिनट चलि सकल। आइ जखने सदनक कार्यवाही शुरू भेल राजदक अब्दुल बारी सिद्दीकी दरभंगा मे एक नबालिग बच्चीक संग दुष्कर्म आओर हत्याक मामिला उठौलनि। एकर बाद नेता प्रतिपक्ष राबड़ी देवी मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आओर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक इस्तिफाक मांग कयलनि। एहि पर मुख्यमंत्री जनौलनि जे जिनक शासनकाल मे महिला सभक लेल किछु नहि काज कयल गेल ओ अखन सरकार पर सवाल कऽ रहल छथि। हल्ला–गुल्ला बढ़ैत देख उपसभा पति डॉक्टर राम वचन राय परिषदक कार्यवाही भोजनावकाश धरि लेल स्थगित कऽ देलनि। बाद मे कार्यवाही शुरू होयतहि विपक्षी सदस्य सभ सदन मे हल्ला–गुल्ला शुरू कऽ देलनि जाहि पर सभापति अवधेश नारायण सिंह सदनक कार्यवाही काल्हि धरि लेल स्थगित कऽ देलनि।

———————————————————————

भाजपाक राष्ट्रीय अध्यक्ष नितिन नबीन जनौलनि जे पार्टी मे संगठन सर्वोपरि आओर कार्यकर्त्ता सभ पार्टीक रीढ़ छथि। श्री नबीन आइ पटना पार्टी द्वारा आयोजित अभिनंदन समारोह के संबोधित कऽ रहल छलाह। ओ जनौलनि जे एक साधारण कार्यकर्त्ता सँ पार्टी अध्यक्ष धरि हुनक सफर देखाबैत अछि जे भाजपा मे कार्यकर्त्ता सभक कतेक सम्मान अछि। ओ जनौलनि जे हमरा सभ के राजनीति करय सँ पहिने समाजिक बनबाक चाहि। अभिनंदन समारोह मे भाजपा प्रदेश अध्यक्ष संजय सरावगी, उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा, विधानसभा अध्यक्ष प्रेम कुमार, सांसद संजय जायसवाल सहित कतेको वरिष्ठ नेता आओर कार्यकर्त्ता सभ छलाह। काल्हि श्री नबीन विधानसभाक कार्यवाही मे भाग लेताह आओर एकर बाद अपन विधानसभा क्षेत्र बांकीपुर मे आयोजित एक कार्यक्रम मे सेहो भाग लेताह।

———————————————————————

खसरा, रूबैला रोगक उन्मूलन लेल आइ सँ प्रदेशक एक सय दस प्रखंड मे विशेष टीकाकरण अभियान शुरू कयल गेल। ई वर्षक अंत धरि ई बीमारी के जड़ि सँ खत्म करबाक ई अभियान तीन चरण मे आयोजित कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

पूर्णियां सांसद पप्पू यादवक जमनत याचिका पर आइ सुनवाई नहि भऽ सकल। पटना सिविल कोर्ट के बम सँ उडेबाक धमकी भेटलाक बाद अदालत मे आइ कोनो काज नहि भऽ सकल। पप्पू यादव अखन बेऊर जेल मे छथि।

———————————————————————————

पछिया हवाक असरि सँ प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे भोर आओर सांझ काल ठंढा लगैत अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच आठ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग किशनगंज राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल। आइ भोरकाल मोतिहारी आओर सुपौल मे घनगर कुहेस लागल रहल। मौसम विभागक अनुसार अगिला तीन सँ चारि दिन धरि तापमान मे कोनो खास बदलि नहि भऽ सकत।

———————————————————————————

समाप्त